# Voleybol boyınsha «NMPI» saylandı komandası Ózbekstan chempionatında 2-orındı iyeledi

Aldın xabar bergenimizdey, Tashkent qalasında voleybol boyınsha hayal-qızlar arasında XXVIII Ózbekstan milliy chempionatınıń juwmaqlawshı 3-tur oyınları bolıp ótti.

Image not found or type unknown

Chempionattıń sheshiwshi turında aldınǵı ótkerilgen turlarda eń kóp upay toplaǵan Qaraqalpaqstan Respubliskasınan Nókis mámleketlik pedagogikalıq inisitutınıń «NMPI» Ózbekstan dene tárbiyası hám sport universitetiniń «SKUF», Ândijan «Buston» hám Jizzaq mámleketlik pedagogikalıq inisitutınıń «JizDPI» komandaları chempionlıq ushın jarısqa tústi.

Jarıs juwmaqlarına muwapıq, Nókis mámleketlik pedagogikalıq inisitutınıń «NMPI» qızlar voleybol saylandı komandası sıylı 2-orındı qolǵa kirgizdi.

Image not found or type unknown

Quwanıshlısı, qaraqalpaqstanlı úmitli sportshılardan 7 voleybolshı qız Ózbekstan saylandı komandası quramına alındı.

Sportshılardı jarısqa Qaraqalpaqstanda xizmet kórsetken trener, Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan, xaliq bilimlendiriw aǵlasĩ Ózbekstan sport veteranı, sport ustası Azat Qazaqov tayarladı.

Qaraqalpaqstan xabar agentligi